


# LASIRÈN AK LABALÈN

## KAYE AKTIVITE

Egzèsis pou n chache konprann enpòtans vèvè nan kilti nou



SIMBI ANDEZO

N ap remèsye Eritye Ginen, Dòk Jerry M. Gilles (Dyeri M. Jil), pou kesyon ak analiz sa yo sou vèvè nan eritaj Ginen nou ! Plis nou konprann senbòl ki nan vèvè yo se plis nou ka analize lide ki ladan yo ansanm ak sèten jès ak espresyon nou itilize nan lavi tou lè jou.



Revizyon : MIT-Ayiti

Nan tradisyon Kongo, Papa Simbi se pi gwo Lwa ki egziste. Anpil Ayisyen ak anpil moun nan peyi Kongo kwè Papa Simbi gen fòs pou l vizite nou sou latè. Kon sa tou, li gen fòs pou l vizite ansyen fanmi nou yo nan yon kote ki rele « an ba dlo ».

Kòm Lasirèn kapab monte sou tè epi desann an ba dlo, gen moun ki kwè Lasirèn byen reprezante Simbi. Labalèn, li menm tou, byen reprezante Simbi paske, kòm se pi gwo bèt nan lanmè, Labalèn gen anpil fòs. Simbi se pi gwo Lwa Kongo. La a menm, li gen gwo fòs pou l navige 2 domèn yo.

Sa vin fè bèt ki sèvi pou reprezante l se pi gwo bèt nan lanmè : Labalèn.

**Èske w konnen ki sa yon vèvè ye?**

**Fè yon ti rechèch pami gran moun oswa sou entènèt pou w  
chache konnen ki jan pou w desinen yon vèvè Simbi an ba la a :**

Vèvè se yon mòd ekriti ki soti ann Afrik depi lontan. Se kon sa vèvè se yon koleksyon senbòl ki ede nou rakonte istwa ansyen sa yo nou vin konsidere kòm Lwa. Pou moun ki sèvi Lwa nan tradisyon Vodou, Lwa yo se tankou memwa yo genyen de ansyen moun, souvan ansyen fanmi ki te viv ann Afrik anvan kolon blan yo te bwote zansèt nou vin abite ann Ayiti.

Se tou patou sou latè moun valorize ansyen fanmi yo kòm espri k ap voye je sou yo. Yon egzanp de yon Lwa ann Ayiti se Larèn Kongo. Moun ki sèvi Lwa sa a gen bèl souvni de Larèn Kongo paske, lè l te vivan ann Afrik, li te travay yon fason espesyal pou l pwoteje moun nan peyi Wangòl kont Pòtigè ki t ap eseye anvayi zòn lan pou yo vòlè richès Wangòl.

Rive Ayiti, Afriken yo pa t ka bliye Larèn Kongo kòm moun ki te defann yo. Sa vin fè yo sèvi l kòm Lwa Larèn Kongo. Enben, se kon sa tou, vèvè yo sèvi pou reprezante Lwa yo.


**Fè rechèch epi desinen yon vèvè Lasirèn ak Labalèn nan ankadre sa a :**

**Al mande gran moun lakay ou oswa nan lakou w pou yo rakonte w istwa Lasirèn ak Labalèn jan yo konnen l. Apre sa, ekri an ba la a ki sa ki menm epi ki sa ki depaman ant istwa ki nan liv la ak istwa moun yo rakonte w.**

**Fè yon desen ki soti nan sa w wè nan liv la oswa nan istwa moun yo rakonte w sou Lasirèn ak Labalèn.**

**Paran oswa anseyan, si ti moun lan desinen vèvè, e menm si li pa desinen vèvè, nou ka di se vèvè w te chwazi desinen epi w ava ede ti moun yo apresye simetri nan jewometri vèvè a.**

## Diferan senbòl tèt ansanm nan vèvè



1. Ann Ayiti, nou fè dwèt nou kontre, jan foto a montre a, kòm senbòl pou antant, inyon ak tèt ansanm.

2. Gen vèvè kote koub dwèt nou fè lè n ap montre inyon vin kreye yon senbòl ki reprezante tèt ansanm sa a. Senbòl sa a konn vin parèt kòm 2 koub ki kontre youn ak lòt.

3. Suiv foto men yo epi remake ou ka desinen siy inyon an kòm 2 lèt <V> an kan ki monte youn sou lòt. Se plis kon sa nou fè siy tèt ansanm nan vèvè yo. Siy 2 <V> sa yo ki kwaze youn ak lòt rele « minokan » oswa « milokan ». Milokan reprezante reyinyon tout Lwa yo ansanm.

Gade vèvè Simbi Andezo a — vèvè ki sou premye paj



# Vèvè ede n konprann kèk pawòl nou konn di ak kèk kont nou konn tire

Menm jan 2 koub ki kontre vle di inyon, se kon sa tou 2 koub ki koube pou yo pa kontre reprezante dezinyon. Siy dezinyon sa a pa sèvi ann Ayiti. Se sitou pèp Nanchon Anminan nan peyi Gana ann Afrik ki sèvi ak senbòl dezinyon ki nan kawo nimewo 4 an ba la a. Alèkile senbòl sa a pa sèvi nan vèvè ann Ayiti, men, sa kontinye sèvi nan jan nou pale pou n dekri moun ki pa ka antann yo kòm moun ki dozado.



Foto Jennifer Gilles (Dyennifè Jil) ak Jarad Benin Gilles (Jarad Benin Jil)

*Siy dozado a byen chita nan jan nou pale. Lè nou refize antann nou ak yon moun, nou gen dwa di nou vire do ba li.*

## 4. Dozado



# Chèz



Nan tire kont, nou prezante chita sou chèz kòm yon mank respè pou chèz la ki pèmèt nou poze.

Kont lan di :


« Krik ?

Krak !


Ou ban m poze ; mwen ba w do ? »

Repons lan se :

« Chèz ! »



Èske w konn wè chema fèy konsolasyon nan vèvè yo ? Pye bwa se famasi natirèl ki bay medikaman ki trete maladi. Vèvè konn gen chema fèy sou yo pou montre ki jan espri ke vèvè a reprezante a gen fòs pou soulaje maladi, pou soulaje agoni.





## Gade diferan vèvè epi eseye kontwole diferan senbòl ki ladan yo



Foto rès kòn bèt nan Mize Syans Natirèl nan vil Nouyòk

Èske w konn wè kòn gwo bèt nan vèvè yo ? Ou ka manke rekonèt fòm kòn bèt yo paske yo fèt sou fòm kòn bèt ki viv ann Afrik. Kòn yo la pou montre jan vèvè a reprezante yon kokenn chenn fòs. Bèt ki gen kalite kòn sa yo gen anpil fòs vre. Lè lyon atake yo, yo konn sèvi ak kòn yo pou leve lyon yo an lè epi frape yo atè.



Yon lòt kalite bèt a kòn nan Otèl Wayòm Bèt  
(Animal Kingdom Lodge)

## Pwen se yon senbòl nou jwenn nan anpil vèvè



**5. Senbòl rankont**

Chema nimewo 5 lan fèt ak 4 liy ki kontre nan mitan. Siy sa a vle di « rankont ». Li vle di « reyinyon ». Li vle di sa paske li reprezante moun ki sot nan diferan kote e ki vin reyini nan yon sèl lokal. Gen Ayisyen ki rele lokal kote diferan liy yo rankontre « pwen ». Se kon sa matematisyen defini « pwen » tou. Pwen se kote plizyè liy kwaze.

Dapre tradisyon ki soti nan eritaj Ginen, zansèt yo kite enspirasyon ki ban nou fòs pou n boule ak lavi. Nan siy sa a, liy an wo yo konn reprezante nou menm moun epi liy an ba yo konn reprezante zansèt yo. Kote liy yo kontre a se « pwen » an. Nou menm Ayisyen ki onore eritaj Ginen, nou konn di nou gen « pwen » kòm fason pa nou pou n di nou jwenn enspirasyon nan solidarite nou ak zansèt yo.